

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Durée de l’épreuve :2 heures 30

Antigòn

Izmèn: Marenn, koute sa yo di: “Wa Kreyon defann moun antere Polinis. Se de frè, pa vre, ki t ap batay nan lagè sivil”. Toulède mouri, youn touye lòt. Toulède, se te frè m, yo te lennmi, se vre, men toulède se te frè m jouk la, m dakò ak Antigòn, men Wa Kreyon se Leta. Wa Kreyon ki di: yon sèl, Eteyoklès, dwe gen antèman, li di kadav Polinis pou rete atè pou chen manje l. Marenn, èske m kapab leve pou m ale fè sa Wa Kreyon di pa fè?

Marenn: Pitit, e se pa sa sèlman Wa Kreyon di. Li di si yon moun voye yon priz tè sou kadav Polinis, moun sa a, se pou l mouri. Ala malediksyon ki tonbe sou nou, Izmèn! Se pa fòt Antigòn si l pouse w. Se Lespri mò yo k ap boulvèse tèt moun, granmoun kou timoun.

Marenn: Ala traka pou timoun sa yo! Ala mizè! E nanpwen yon sèl jan pou soti nan sa non. Se toujou konsa. Se konsa tout zafè papa yo pase. Syèl! Mizèrikòd! Sa k ap wete malediksyon sila a sou tèt fanmi Edip. Sa k ap wete pichon sila a sou pitit Wa Edip yo? Depi l te leve, san l pa t konnen, l al marye ak manman l lan, se yon sèl chaplèt traka tout moun ap wè. Sa k ap delivre yo? Se lè lagè fini. Tout moun t ap goumen nan tout peyi a. Sa fini. De pitit Wa Edip yo mouri. Fòk yon lòt antrav nan kò nou ankò. Men Antigòn! Sa ka sove pitit la? (Antigòn antre, Izmèn dèyè l)...

Félix Morisseau- Leroy, Tradiksyon Antigòn

PREMYE PATI

A- **Konpreyansyon tèks (30 pwen/ 5 pwen pou chak bon repons)**

1.

Kisa nan tèks la ki jistifye fenomèn fratrised la?
2.

Ki moun ki te vle pou toulède frè yo te gen antèman?
3.

Ki malediksyon ki te tonbe sou Wa Edip?
4.

Poukisa tèks sa a se yon trajedi?
5.

Kisa Wa Kreyon te òdone pou chak frè ki te mouri yo?

B- **Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (35 pwen/ 5 pwen pou chak bon repons)**

- 1-

Presize ki tip anafò ki ale ak chak enonse ki vini apre yo: Leksikal oubyen gramatikal.
- a.

Vijini Sanpè te ekri pwezi. Premye powetès literati ayisyen an te Marye ak Osval Diran. ()
- b.

Lyonèl Twouyo te pran pri literè Kayib la. Li se otè anpil moun konnen. ()
- ch.

Pliyè nan medam yo t ap desann lavil. Kèk te rive bonè, lòt yo te rete nan wout. ()
- d.

An 2010, te gen yon gwo katastwòf natirèl ki te sekwe Ayiti. Anpil moun te mouri. ()
- 2-

Presize ki tip tèks la ye epi jistifye repons lan.
- 3-

Relye chak enonse ak figi estil li koresponn nan tablo apre a.

Enonse			Figi estil
Watonn vire gade bayawonn, raje, Pye bannann, nas pwason, kay pay.	1	a	Pwozopope
Lanmè a ouvri bouch li, li vale bato.	2		Akimilasyon
Dezyèm vil Peyi DAYiti a.	3		Paralelis
Etidyan yo mande chanjman, Travayè yo vle ankourajman.	4		Perifraz

- 4-

Bay sans ekspresyon sa yo?

a) Atis la rive pete plafon.

b) Depi yè Antwàn bwè dlo bouch li.

- 5-

Bay de (2) presipoze pou chak fraz anba yo:

1. Figi Jasmin chanje nèt depi kèk tan.

2. Fanatik Baselòn yo chofe.

6.

Konstwi yon fraz selon estrikti ki vini apre a.

a) Non+ Vèb+Advèb+Prepozisyon+Non+Detèminan

b) Non + Adjektif Kal+ Advèb.

7.

Tradui fraz sa yo an franse.

a) Si pitit fi li a te reyisi nan konkou admisyon an, li t ap nan pwomosyon 2022 a.

b) Li te ale nan pwovens, kwak li pa t gen kawotchou derechany.

DEZYEM PATI

Ch- Literati (15 pwen)

1.

Bay otè zév literè sa yo: (8 pwen)

Zèv	Otè
Leya Kokoye	
Dezafi	
Djakout	
Bouki ak Malis	

2. Site kat (4) jan literè ou konnen (7 pwen)

a	_____
b	_____
ch	_____
d	_____

TWAZYÈM PATI

D- Pwodiksyon ekri (chwazi youn nan sijè sa yo.)
(20 pwen)

1-Nan kad yon fwa agrikòl ki te òganize nan zòn kote ou rete a, ou te patisipe nan aktivite sa a. Nan yon tèks ki gen dominans naratif ak sekans deskriptif ak enfòmatic, itilize alafwa vokabilè Valorizan ak vokabilè devalorizan.

2- Sistèm kòripsyon, enjistis ak enpinite fè peyi a ap vin pi pòv chak jou k ap pase. Ekri yon tèks agimantatif pou montre tout moun ki enplike nan zak kòripsyon yo dwe jije kòrèkteman epi sibi pèn ki rezève pou yo jan konstitisyon peyi a mande l la.